



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 20 mas 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE KOUS FERRARI NEW YORK**

### ***Li raple Fanatik Kous yo Douzèn Sikwi Vitès ki genyen soti Long Island rive Rejyon Lwès NY***

Gouvènè Cuomo jodi a te anonse New York pral resevwa premye Ferrari Challenge li nan mwa septanm nan Watkins Glen International, epi te raple moun New York ak fanatik kous pou yo vizite douzèn sikwi vitès yo ki genyen nan tout eta a.

“Sikwi otomobil Watkins Glen International New York la pral ofri premye Ferrari Challenge eta nou an, sa kap bay fanatik kous yon lòt rezon pou yo vin nan The Glen,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Ajoute plis evenman kous pral ede kontinye ak devlopman touris epi mennen plis vizitè nan rejyon Finger Lakes la ak nan rejyon nò New York. Mwen swete tout patisipan bòn chans lè y ap explore The Glen, soti nan Boot la pou rive nan Inner Loop la.”

Ferrari Challenge lan, yon kous enteresan pou fanatik atravè monn lan, pral fèt nan New York pou premye fwa nan dat 19-21 septanm nan Watkins Glen International, kap koyenside ak selebrasyon 65yèm anivèsè enstalasyon an. Anplis, yon Ekzibisyon Machin-a-motè Eta New York te louvri jodi a nan Empire State Plaza epi espoze machin tankou yon Toyota Camry NASCAR Sprint Cup Series 2014 ak yon Mazda RX8 2012, ki pral espoze pandan de semèn kap vini yo.

Gouvènè a te raple fanatik spò otomobil atravè eta a pis kous yo pral louvri nan jou kap vini yo pou yon nouvo lane kous enteresan, ak plis pase 60 pis kous atravè eta a soti Long Island rive nan Lwès New York. Pou jwenn yon kat ak lis pis kous ki genyen atravè eta a, tanpri klike:

<http://www.governor.ny.gov/assets/documents/Map-RacewaysRaceNY.pdf>.

### **Enfòmasyon sou Watkins Glen International**

Watkins Glen International twouve l nan yon distans senk èdtan, oubyen (ekivalan 300 mayl) ak 25% popilasyon ameriken an, epi se premye enstalasyon kous sou wout nan peyi Etazini. Chanpyona TUDOR

United SportsCar la pandan Sahlen's six Hours of The Glen lan pral fèt nan dat 26-29 jen, ak lòt envenman kap vini tankou NASCAR Sprint Cup Cheez-It™ 355 ak Nationwide Series Zippo 200, nan dat 7-10 out. Ou ka achte tikè kounye a nan nimewo telefòn 866.461.RACE oubyen sou sit entènèt [www.TheGlen.com](http://www.TheGlen.com).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418